

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Pupujian nyaéta puisi tradisional anu eusina muji ka Allah, doa, naséhat, tapsir Kuran, katerangan hadis, atikan agama, jeung riwayat Rasulullah anu biasana dibacakeun di masjid atawa pasantrén bari nungguan solat berjamaah. Pupujian ogé mangrupa wangun puisi anu ditepikeun sacara lisan ku barudak, santri jeung masarakat di masjid atawa di tempat pangajian. Pupujian anu dibacakeun mibanda ajén-ajén agama anu luhung sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif métode déskriptif analitik, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun pupujian *Akhlaku lil Banin*. Ku kituna, désain ieu panalungtikan nyaéta ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah panalungtikan, ngumpulkeun data panalungtikan, ngadéskripsikeun struktur lahir jeung batin pupujian, nganalisis ajén sosial pupujian, ngawilah-wilah pupujian mana waé nu saluyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII, sarta ngadéskripsikeun hasil jeung kacindekan panalungtikan. Anapon téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun datana nyaéta literatur, observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung transliterasi naskah.

Pupujian anu aya dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin* jumlahna aya 33 pupujian anu kagolong pupujian ngeunaan pangajaran kaagamaan. Pupujian anu 33 judul, 12 judul pupujianna dianalisis dumasar kana struktur lahirna nu ngawengku tipografi, diksi, imaji, kecap konkrit, gaya basa, jeung purwakanti, sarta truktur batin anu ngawengku téma, rasa, nasa, jeung amanat.

Struktur lahir bagian kahiji nyaéta tipografi atawa tatarupa, sanggeus dianalisis kapaluruh pupujian anu jumlah pada panglobana aya 24 pada dina sajudul, sarta pupujian anu jumlah pada pangsaeutikna aya 4 pada dina sajudul, unggal pada miboga jumlah padalisan anu béda-béda, ti 2 padalisan nepi ka 4 padalisan, ngan lolobana 4 padalisan, sarta dina padalisan diwangun ku engang nu béda-béda, sanggeus kapaluruh aya nu jumlah engangna 6,7,8, jeung 9, lolobana mah ku 8 engang.

Kadua, Diksi anu digunakeun dina ieu pupujian nyaéta diksi absolut, diksi sebab akibat, diksi konotatif, diksi dénotatif, jeung diksi éstétik. Lolobana ngagunakeun diksi absolut, diksi konotatif, diksi dénotatif, jeung diksi sebab akibat.

Katilu, imaji jeung kecap konkrit, imaji anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta imaji visual, auditif, Taktil, jeung sénsasi internal, lolobana imaji auditif jeung imaji Taktil. Ieu hal dibuktikeun ku kecap konkrit upama ngupingkeun jeung ngacung.

Kaopat, gaya basa, lolobana gaya basa anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta gaya basa kadalon, rautan, jeung ngupamakeun. Kalima, purwakanti anu kapaluruh lolobana ngagunakeun purwakanti pangluyu jeung laraswekas.

Peran pangarang ogé mangaruhan kana nepi atawa henteuna pupujian ka anu maca atawa ka nu ngupingkeun. Ngaliwatan téma, rasa, nada, jeung amanat bisa ngagampangkeun nepina pupujian ka nu maca jeung ka nu ngupingkeunna. Éta éksprési pangarang bisa katepikeun téh ngaliwatan skruktur batin puisi.

Satuluyna, analisis struktur batin anu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Téma anu kapaluruh dina ieu pupujian ngeunaan tatakrama nu hadé, muji ka Pangéran jeung ka kangjeng Nabi. Rasa anu nyangkaruk dina unggal pupujian nyaéta rasa reueus, sieun, bungah, jeung simpati. Anapon nada anu kapaluruh dina ieu pupujian nyaéta sikep méré naséhat jeung ngadidik, sarta amanat anu kapaluruh umumna pikeun miboga sikep nu hadé dina kahirupan sapopoé.

Salian ti éta, ieu panalungtikan ngaguar ajén sosial anu aya dijerona. Ajén sosial anu nyangkaruk dina ieu panalungtikan nyaéta ajén sosial ajén sosial material, ajén sosial vital, jeung ajén sosial karoahanin nu mangrupa ajén bebeneran, ajén kaéndahan, ajén moral jeung ajén kaagamaan. Pamungkas, salasihiji pupujian *Akhlaku lil Banin* dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII. Ieu hal saluyu jeung KIKD kurikulum 2013 révisi 2017.

## 5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Panalungtikeun anu geus dilaksanakeun tangtuna miboga mangpaat ngeunaan sastra Sunda puisi pupujian pikeun nu sok nganadomkeun jeung ngabandungan pupujian *Akhlaku lil Banin* hususna, umumna pikeun pihak-pihak nu kalibet sarta

ngadukung bérésna kana ieu panalungtikan. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun dina ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh. Anapon ieu rékoméndasi ditepikeun pikeun siswa, guru, jeung panalungtik satuluyna.

Siswa nu diajar di sakola umumna, hususna siswa SMP kelas VII kudu leuwih sosen dina diajarn Siswa nu diajar di sakola umumna, hususna siswa SMP kelas VII kudu leuwih sosen dina diajarna, utamana diajar ngeunaan pupujian. Lantaran dina pupujian mibanda ajén-inajén anu luhung pikeun ngajadikeun pribadi anu leuwih hadé. Lian ti éta, pupujian ogé bisa ngaronjatkeun kaparigelan anu opat, upamana nulis jeung maca pupujian dina aksara pégon, sarta nganadomkeun jeung ngaregepkeun pupujian.

Guru basa Sunda kudu leuwih kréatif jeung variatif dina milih bahan ajar sangkan murid teu ngarasa bosen nalika diajar. Sabab upama guruna monoton, tangtuna bakal mangaruhan kana prosés transfer élmu ka siswa. Unggal lawungan guru bisa ngagunakeun modél pangajaran anu béda-béda, atawa nganadomkeun pupujian saméméh diajar. Ieu hal tangtu némbongkeun rasa jeung kesan anu béda ka siswa sarta prosés transfer élmu ka siswa bisa leuwih kacangking.

Pamungkas, pikeun panalungtikan satuluyna. Ieu panalungtikan museurkeun kana ulikan struktural lahir jeung batin puisi, sarta ajén sosial nu nyangkaruk dina unggal pupujianna. Ku kituna, panalungtikan satuluyna kudu némbongkeun konsép anu béda jeung ieu panalungklitikan, sarta ngagunakeun média anu bisa leuwih némbongkeun karesep siswa jeyng masarakat kana pupujian.a, utamana diajar ngeunaan pupujian. Lantaran dina pupujian mibanda ajén-inajén anu luhung pikeun ngajadikeun pribadi anu leuwih hadé. Lian ti éta, pupujian ogé bisa ngaronjatkeun kaparigelan anu opat, upamana nulis jeung maca pupujian dina aksara pégon, sarta nganadomkeun jeung ngaregepkeun pupujian.

Guru basa Sunda kudu leuwih kréatif jeung variatif dina milih bahan ajar sangkan murid teu ngarasa bosen nalika diajar. Sabab upama guruna monoton, tangtuna bakal mangaruhan kana prosés transfer élmu ka siswa. Unggal lawungan guru bisa ngagunakeun modél pangajaran anu béda-béda, atawa nganadomkeun

pupujian saméméh diajar. Ieu hal tangtu némbongkeun rasa jeung kesan anu béda ka siswa sarta prosés transfer élmu ka siswa bisa leuwih kacangking.

Pamungkas, pikeun panalungtikan satuluyna. Ieu panalungtikan museurkeun kana ulikan struktural lahir jeung batin puisi, sarta ajén sosial nu nyangkaruk dina unggal pupujianna. Ku kituna, panalungtikan satuluyna kudu némbongkeun konsép anu béda jeung ieu panalungtikan, sarta ngagunakeun média anu bisa leuwih némbongkeun karesep siswa jeung masarakat kana pupujian.